ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Advanced Level

SHONA LANGUAGE 6054/2

PAPER 2: Dudziramutauro, Misambo nePfupiso

NOVEMBER 2021 SESSION 3 hours

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa matatu

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **neChiShona**.

Pindura mibvunzo **miviri** kubva muChikamu A, **miviri** kubva muChikamu B nekupindura **mubvunzo wemuChikamu C.**

Cherechedza mirayiro iri pamubvunzo woga woga.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwechete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mashanu nematatu asina kunyorwa chinhu.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, N2021.

CHIKAMU A: MAUMBIRWO EMUTAURO [40]

Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

1 Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri mumashure mazvo.

(a) Nguva dzese tinodya sadza remasikati nemurivo.

(b) Baba nasekuru vanofara.

(c) Mombe yedu tsvuku yakabereka.

(d) Rimwe gore takarima chibage chembeu yetsoko tikakohwa masaga makumi matatu.

(e) Ini Gudo ndinodya matamba akaibva.

(i) Nyurura ndevo dzezvizita chete kubva muzvirevo zviri pamusoro. (10)

(ii) Ratidza kuti ndevo yechizita yega yega yawanyurura pamusoro iri kushanda basa rei. (10)
[20]

2 Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo yapiwa.

Tsitsi akati piku kahwigi kake kakasakara ndiye pfe-e mumusoro maiva musina bvudzi sezvo ainyara kuonekwa muparavara wake. Paakati achingopinda mukereke, vanhu vose vaivamo vakati maziso je-e kwaari sezvinonzi ainge asina kupfeka. Mai Mufundisi kungomuti ba-a kumuona vakati simu somunhu ari pamakwikwi okumhanya, svikei ndiye naye kwati kwati sezvo vaimufarira. Pakapera mharidzo vanhu vose vakati rongondo panze paive pazere motokari mbishi. VaTsitsi vangu vaive vongoti boi boi nenyadzi zhinji asi Mai Mufundisi vakaramba vati name naTsitsi sechinamira kuti arambe achiuya kukereke.

(i) Nyurura ndevo dzenyaudzosingwi dzose dziri mundima iri pamusoro. (10)

(ii) Zvino, chinyora uchipatsanura nekudoma nhengo huru dzinoumba ndevo dzawanyora mu**(i)**. (10)
[20]

3 Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pasi pazvo.

(a) Baba vachazvirega zvekuba nyama kana vakasungwa nemapurisa necheni dzavo dziya.

(b) Vana vedu ngavatichengeterewo nzungu dzatakarima muchando.

(c) Takamutakurira mabhuku ake mashoma mudzidzisi wedu.

(d) Nhasi ndasvika pachikoro ndikapiwa basa rekuita nevamwe.

(e) Tinoridza mumhanzi misi yose manheru.

(f) Rega kushamwaridzana nembavha idzo.

(g) Benzi rakabvarura hembe nemaoko.

(h) Akamupindura seanopenga.

(i) Nyurura ndevo dzose dzezviito kubva muzvirevo izvi. (10)

(ii) Patsanura ndevo dzezviito dzawanyurura uchiratidza zvakadziumba. (10)
[20]

4 Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi.

(a) Murume nemukadzi vakaenda kumusha nebhazi.

(b) Chisikana chenyu chiri kutora kosi kuNamibia.

(iii) Timu yevakadzi yakakundwa pamutambo nezuro.

(iv) Haachavatakurira masaga echibage nengoro.

(v) Mbudzi idzo hadzigari pasi pemuti kana mudanga.

(vi) Twuchauya kubasa netsoka setwupenzi.

(vii) Baba vangu vanoedza kupenengura nemaoko mbatya dzacho.

(viii) Ruth achavatumira mari kaviri pagore.

(ix) Chera gomba nebadza rako.

(x) Ndakazviona nemaziso angu.

[Enda kuseri

iaka tr pr sa

(i) Nyora ndevobonga dzezviito dziri muzvirevo zviri pamusoro uchipatsanura muiti kubva kuchiitwa. (10)

(ii) Zvino chinyurura zviwedzerwa chete zviri muzviitwa zviri pamusoro ugonyora mazita azvo. (10)
[20]

CHIKAMU B: MISAMBO

Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

5 Tsanangura tsika yokutanda botso uchijekesa zvaunoyemura pairi. [20]

6 Donongodza nzira dzava kushandiswa nevakomana pakupfimba vasikana vavanoda kuroora. [20]

7 (a) Tsanangura zvinofanira kukosheswa pakuzivisa vanhu nezverufu rwehama yavo yepedyo. (10)

(b) Ndezvipi zvava kuitwa mazuva ano zvisisina kukodzera pakuzivisa rufu. (10)

8 Donongodza zvizere tsika yokukumbira (kubvunzira) pakuroorwa kwemwanasikana mumhuri, uchiyemura mutauro nezvinoitwa navanhu vakasiyana-siyana patsika iyi. [20]

CHIKAMU C: PFUPISO

9 Uchishandisa mazwi anosvika **zana**, nyora pfupiso yendima inotevera nemazwi ako.

Mai Zipfende vakatarisa kuna Mai Mashumba vakati, 'Ndinofunga kana Mai Mashumba vakanzwawo zvandakanzwa ini.'

Mai Mashumba vakabvumawo. Vakati, 'A, ini ndakangonzwa zvokunzi iwe Vida, nomurume wako, navamwene vako, naVaTigere, makaenda kun'anga kwaMugandani.'

'Makazvinzwa? Ko, makazvinzwa naani?'

'Ini ndakataurirwa namai vaJane, ndikazotaurirwazve kudaro naiye Jane.'

Mai Zipfende vakati, 'Kana neniwo ndivo vakanditaurira vose vari vaviri, asi zvakangofamba nenyika yose. Ndakazonzwawo zvongotaurwa nevanhu vazhinji, kana nevekure. Handizvo here Mai Mashumba?'

'Hapana asingazvizivi kani Mai Zipfende. Zvakafamba kwese kwese. Asi pazvakasvika mberi mberi, zvakanga zvava nezvizukuru mukati.'

Mwoyo waVida wakavhunduka. Akatadza kuwana chokufunga nezvinhu zvakadai, kuti nyika yose izive zviya zvakataurwa naMugandani? Ko, zvino angafambe sei pane vanhu? Heya izvi aingofamba zvake, nyika yose ichisara yomuseura gotsi iye apfuura? Akabvunza. 'Ko, zvino zvinonzi takanonzi kudiiko naMugandani?' Vida akabvunza mubvunzo uyu nezwi raiva kure kure, kunge akanga achirota.

Mai Zipfende vakati, 'Vida, pakutanga chaipo zvainzi makaenda kun'anga kwaMugandani iwe ukanonzi wakanga wakapfimbwa nomumwe mukomana wawakazoramba uchida Simon. Hunzi mukomana iyeye, pawakamuramba, akashatirwa, achibva akupinga kuti urege kuzomboita mwana upenyu hwako hwese.

Asi zvinonzi mudzimu wakapinda nemhepo kwauri, uchibvumira kuti mukomana uyu akupinge ndewambuya vako. Vaiti mbuya vako ava, vaiva neshavi rouroyi, ravaida kukupa. Iwe ukabva waramba. Ivo ndokushatirwa, vachibva vabvuma kuti mukomana uyu akupinge. Ndizvo zvaitaurwa pakutanga izvozvo. Chiregawo Mai Mashumba vakutaurirewo zvakazenge zvotaurwa nevanhu mumashure, nokuti kana shoko rofamba rinozosvika mberi rava kupamhidzirwa twakawanda kwazvo. Taurai zvenyu Mai Mashumba.'

Mai Mashumba vakati, 'Ini ndakazonzwawo vamwe vanhu vokure kure votaura kuti Vida akanobatwa kwaMugandani kuti akambenge aroorwa nomumwe murume akanga amuitisa pamuviri. Zvino akazonyengana naSimon achibva abvisa pamuviri ipapo, nokuramba murume uya. Hunzi ndipo pakashatirwa murume iyeye achibva apinga Vida kuti asazomboberekezve mumwe mwana. Izvi zvambuya vako zvaingotaurwazve sokutsanangura kwaita mai Zipfende. Zvino chandinoziva ini ndechekuti vamwene vako Vida ndivo vakatanga neshoko iri, vachitaurira Jane namai vake. Jane namai vake ndivo vakazoifambisawo, ndokuramba rongofamba kudakara rati tekeshe nenyika yose.'

'Vasikana imi, ropa rangu rakaipa chokwadi. Zvose izvozvo zvinotaurwa nevanhu ndezvekunyepa. Mugandani akanyepa chaizvo. Handina mukomana wandakamboda kunze kwaSimon, uye ambuya vangu vakanga vasiri muroyi.'

'Izvo tinozviziva tose Vida, vakadaro Mai Mashumba. 'Vanhu vari kukunyepera. Asika haungakwanisi kudzivirira vanhu kutaura zvavanoda. Iye zvino zvavanotaura zviri kubva zvataridzika sechokwadi, nokuti magara gore rose nomurume, asi hapana mwana. Chokwadiwo vanhu vanongofunga kuti zvawakataurirwa naMugandani ndezvechokwadi. Saka wotoziva zvako zvokuita Vida mununu'na.'

'Ko, zvino ndingaiteiko nhai vasikana?'

Mai Zipfende ndivo vakamupindura. 'Munoziva zvandinofunga ini? Ndinofunga kuti zvingatobatsira Vida ndezvekuti aratidze vanhu kuti zvavari kutaura hazvisi zvechokwadi.'

'Ko, ndingavaratidze sei kuti hazvisi zvechokwadi? Ndingafambe here nenyika ino yese, ndichitaura nomunhu mumwe nomumwe, ndichimutaurira kuti zvawakanzwa hazvisi zvechokwadi?'

'Kwete Vida. Izvo hazvimbobviri. Uye kana dai zvaibvira zvazvo, ivo vanhu vangakuite benzi.'

'Ko, zvino ndoita sei?'

'Chiratidzo chimwe chete bedzi chinganyaradze miromo yevanhu vose Vida usina kumbotaura navo iwe wakangonyarara zvako, ndechekuita mwana. Chokwadi vanhu vose vangabve vanyarara; vachinyara zvakare pamusoro pezvinhu zvavaimbotaura.'

'Asi zvaMai Zipfende nhai! Ko, imi munoti handisi kuda mwana here?'

'Ko, wati wamboedzawo here kumwe Vida? Iwe unoramba wakati undundu. Munhu chaiye anoziva, kana aona kuti zvinhu ndizvo zvazvaita izvi, anotsvagawo ega nzira dzokuzvibatsira. Vida, fambawo uchitsvaga mwana.'

'Nhai vasikana, ndapota, chinyatsonditsanangurirai zvamuri kureva. Ndinofambawo seiko ndichitsvaga mwana? Mwana anotsvagwa sehowa here? Ndoenda here kunoba mwana ndoti ndewangu?'

'Zvakanaka Vida,' vakadaro Mai Zipfende, 'chiregai tikutsanangurire. Taona kuti uchiri murima. Chatiri kureva ndechekuti tsvagawo mwana kune vamwe varume, kwete kuna Simon chete. Ndizvo zvinoita vakadzi vazhinji vanopinda munhamo yako iyi. Tarisa uone, uri kunzi ndiwe usingabereki. Uri kuitirwa makuhwa navamwene vako. Pamwe iye Simon ari kutoyedzawo kumwe izvozvi.' Izvi zvakabva zvaenderana nezvakambotaurwa navamwene vake apo akange aramba kugamuchira zano ravo rokuti munin'ina waSimon amupindire.

(*Ndima yakanhadzurudzwa kubva muna* ***Rurimi inyoka*** *naG. Kuimba 1976 pp 88 – 89*)